



Pou Piblikasyon Imedya: 09/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEPLWAYE RESOUS ETA YO POU KONBAT ENSANDI FORÈ  
ATRAVÈ NOUYÒK EPI FOUNI MIZAJOU SOU KALITÈ LÈ A**

*Eta te deplwaye resous pou reponn ak dife nan Konte Ulster, Sullivan ak Orange*

*Entèdiksyon pou yo pa boule touf zèb nan rezidans yo an vigè pou anpeche  
ensandi forè*

*Yo pibliye yon Konsèy Sante sou Kalite Lè a; ki kapab rive nan yon nivo malsen  
pou gwoup sansib yo pou Zòn Vil Nouyòk la*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te bay yon mizajou sou ensandi forè k ap boule atravè Eta Nouyòk epi li te deplwaye yon repons milti-ajans pou ensandi nan konte Ulster, Sullivan, ak Orange an kowòdinasyon sere avèk depatman ponpye lokal yo ak premye sekouris yo. Eta Nouyòk te pibliye tou yon Konsèy Sante sou Kalite Lè a pou patikil ki piti ke lafimen ranfòse ki ta ka rive nan nivo ki Malsen pou Gwoup Sansib pou zòn Metro Vil Nouyòk la. Nouyòkè yo ta dwe kontinye kontwole previzyon lokal yo ak kalite lè nan zòn ki antoure ki afekte yo.

"Ak kondisyon sechrès resan yo, te gen plizyè dife forè ki te deklanche atravè eta a, epi nou te deplwaye resous ak ajans eta a pou kowòdone ak premye sekouris lokal yo nan konbat dife sa yo pandan y ap kontwole ak anpil atansyon kalite lè li lakoz la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sekirite tout Nouyòkè yo se pi gwo priyorite mwen, epi mwen ankouraje tout moun ki nan zòn ki afekte yo, espesyalman moun ki vilnerab yo, pou yo rete vijilan, kontwole kalite lè a, epi pran prekosyon ki nesèsè pou yo rete an sekirite."

Catskills, Hudson Valley, ak Long Island gen anpil risk pou gen dife forè kounye a. Yo detèmine danje ensandi pa kondisyon metewolojik ki gen ladan chalè ak nivo imidite. Mank lapli ak kondisyon van kontinyèl yo ap kontribiye nan ogmantasyon nivo danje ensandi a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou klasifikasyon Danje Ensandi nan [sitwèb Paj kat jewografik Danje Ensandi DEC la](#). Nenpòt dife deyò ka gaye byen vit, sitou si van an leve. Li ilegal pou boule fèy nenpòt kote nan Eta Nouyòk. Yo ka boule touf zèb ki nan kèk gwosè. Plizyè minisipalite gen entèdiksyon pou pa boule ki kounye a anvigè epi yo ankouraje rezidan yo tcheke si entèdiksyon an plas nan minisipalite lokal pa yo.

Dife Whitehouse nan konte Ulster ak Sullivan ap afekte apeprè 121 a 162 ekta tè epi li prevwa ogmante. Gad Forè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ap kowòdone repons ki gen ladann apeprè 13 depatman ponpye ki soti nan konte Ulster ak Sullivan ki kontribye 70 pèsònèl. Pa gen okenn evakyasyon obligatwa kounye a ki an plas. Pou pwoteje sekirite piblik epi ede ak repons ensandi, Bengal Hill Trail DEC la nan Sundown Wild Forest ak Peekamoose Road nan vil Denning pral fèmen pou dire repons ensandi a. Lòt ensandi sovaj nan New Jersey ap kontribye nan enpak lafimen sou kalite lè lokalize.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) ap travay pou kontwole de ensandi nan Pak Eta Forè Sterling nan Konte Orange.

Twa Gad Forè Pak ansanm ak 24 pèsònèl operasyon pak yo ap konbat yon ensandi ki te estime a 121 ekta ki te kòmanse toupre entèsèksyon Lake to Lake Trail ak West Valley Trail la epi ki pwolonje nan New Jersey. Yon dezyèm ekip ki gen 1 Gad Forè Pak ak 5 pèsònèl operasyon pak ap konbat yon dezyèm ensandi ki estime a 4 ekta tè ki sitiye tou pre West Mombasha Road ak Appalachian Trail la. Yo fèmen santye nan zòn sid pak la. Vizitè pak yo ta dwe evite zòn nan epi chèche lòt kote pou rekreyasyon deyò.

Gad Forè Pak yo tou an kominikasyon dirèk ak Gad Forè DEC yo k ap kowòdone repons sa a ak esandi Jennings Creek sou fwontyè konte Sullivan/Ulster. Aktyèlman ensandi sa a nan apeprè 40 ekta nan gwochè epi li pa afekte okenn estrikti.

Anplis de sa, DEC ak OPRHP gen pèsònèl ki asiye pou veye ak reponn fas ka ensandi nan Wildwood, Brookhaven ak Pak Eta Hallock ak lòt tè nan Long Island akòz ensandi forè nan vwazinaj la.

Deplwaman Ajans yo enkli:

### **Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta Nouyòk**

Dis anplwaye ki gen ladan manm Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control, OFPC), Biwo Jesyon Ijans ak Biwo Kominikasyon Konpatib ak Ijans yo sou plas nan Konte Ulster. Repons yo gen ladann:

- Tou radyo pòtab
- Kamyon kominikasyon pa satelit ak ekipman adisyonèl
- Yon sit AT&T/FirstNet sou wou ki bay sèvis selilè ki gen ladan kapasite selilè 911

### **Lapolis Eta Nouyòk**

NYSP te deplwaye de elikoptè pou konbat ensandi forè kontinyèl lè yo itilize gout dlo. Anplwaye Lapolis Eta a tou nan pòs kòmand pou ede ak kowòdinasyon resous yo.

Anplis de sa, ensandi Jennings Creek nan vil Warwick, Konte Orange, ap afekte Pak Eta Forè Sterling lan. Aktyèlman ensandi sa a nan apeprè 40 ekta nan gwose epi li pa afekte okenn estrikti. Gad Forè DEC yo ap kowòdone repons lan ak sipò lokal ak Eta.

Lapolis Eta ap itilize tou sistèm ayeryen san pilòt (dròn) pou kontwole pwopagasyon ensandi forè yo. Lapolis Eta a mande piblik la pou l pa sèvi ak dròn nan zòn ki afekte yo, paske yo ka entèfere ak sipò ayeryen enpòtan ak efò sekirite piblik yo.

### **Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)**

Gad Forè Pak yo an kominikasyon dirèk ak Gad Forè DEC yo k ap kowòdone repons sa a ak esandi sou fwontyè konte Sullivan/Ulster.

Anplis de sa, OPRHP gen pèsònèl ki asiyen pou veye ak reponn fas ka ensandi nan Wildwood, Brookhaven ak Pak Eta Hallock nan Long Island akòz ensandi forè nan vwazinaj la.

### **Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta Nouyòk ak Depatman Sante Eta Nouyòk**

Akòz lafimen ensandi ki te soti nan Nouyòk ak New Jersey, DEC ak Depatman Sante Eta (DOH) [te pibliye yon Konsèy Sante sou Kalite lè](#) pou patikil ki piti ke lafimen ranfòse ki ta ka rive nan nivo ki Malsen pou Gwoup Sansib pou zòn Metro Vil Nouyòk la. Nan nivo sa a, manm gwoup ki sansib yo ka santi efè sou sante. Piblik jeneral la gen mwens chans pou yo afekte. DEC ak DOH soti Avi Sante sou Kalite Lè a lè yo prevwa ozòn oswa ti patikil (particulate matter, PM2.5) ta dwe depase yon Endis Kalite Lè (Air Quality Index, AQI) ki gen valè 100. Pou w enskri pou resevwa avi yo atravè imèl, klike [isit la](#).

Depatman Sante Eta Nouyòk ap konseye pran prekosyon jan sa nesèsè. Etap pou moun yo pran pou diminye risk yo, enkli:

- Lè AQI a pi wo pase 100 ('Malsen pou Gwoup Sansib yo'), Nouyòkè ki nan gwoup vilnerab yo ta dwe evite inisyativ deyò epi siveye sentòm yo lè yo ekspoze ak aktivite deyò yo. Moun ki vilnerab yo enkli moun ki gen maladi kadyovaskilè (egzanp, ensifizans kadyak konjestif, istwa atak kadyak anvan) oswa maladi nan poumon (egzanp, opresyon, maladi nan poumon obstriktif kwonik), osi byen ke timoun ki poko gen 18 ane, granmoun ki gen 65 ane ak plis ak fanm ansent.
- Lè AQI a pi wo pase 150 ('Malsen'), tout Nouyòkè yo ta dwe evite aktivite entans deyò yo, epi moun ki nan gwoup vilnerab yo ta dwe evite ekspoze a aktivite deyò yo, espesyalman fanm ansent yo ki ka pi fasil vin gen difikilte pou respire. Anplis de sa, gen kèk anplwaye ki vilnerab ki ta dwe travay anndan epi direktè kan yo ta dwe konnen previzyon lokal AQI yo a ak nivo alèt la epi swiv direktiv AQI a.
- Lè AQI a pi wo pase 200 ('Trè Malsen'), gwoup vilnerab yo ta dwe evite tout aktivite fizik deyò epi repwograme aktivite yo oswa fè yo anndan. Tout lòt moun yo dwe evite aktivite deyò ki long oswa entans.

- Lè AQI a pi wo pase 300 ('Danjere'), tout Nouyòkè yo ta dwe evite aktivite fizik deyò yo.

Van yo sipoze kontinye pote lafimen nan rejyon an ak fliktyasyon potansyèl pliske van ralanti nan aswè epi lè a ap estabilize. Lafimen ensandi forè gen plizyè polyan, tankou [patikil ki pi piti \(PM\)](#) ak [monoksid kabòn](#), ki ka lakòz iritasyon nan je, nen, ak gòj, souf anlè, tous, ak pwoblèm pou respire. Ekspozisyon ak gwo konsantrasyon lafimen ka agrave [pwoblèm sante](#) ki egziste deja, ki gen ladan deklanche atak opresyon ak agrave efè anpil lòt maladi poumon ak kè. [Poumon jèn timoun yo](#) espesyalman sansib fas ak efè danjere lè yo respire lafimen paske yo toujou ap grandi.

Fason pou [redwi ekspozisyon lafimen](#) gen ladan:

- **Fè atansyon ak lè ou a:** Anvan ou ale travay, fè egzèsis, oswa anvan ou ale nan pak ak timoun yo, tcheke [previzyon AQI](#) epi ajiste aktivite deyò ou yo si move gen kalite lè. Planifye davans lè w enskri pou resevwa imèl [alèt sou kalite lè](#).
- **Rete andedan:** Kenbe fenèt yo ak pòt yo fèmen pou kenbe lè andedan kay la pwòp. Si lafimen antre andedan, achte oswa fè pwòp filtè lè pòtab pa ou pou [diminye patikil andedan kay la](#), oswa itilize filtè lè HEPA nan sistèm HVAC ou a.
- **Mete yon mask:** Si ou dwe soti deyò, yon mask N95 ke ou byen mete ka filtre gwo patikil lafimen, sa k ap diminye kantite PM ou respire.
- **Ale dousman:** Evite aktivite difisil deyò ki ka lakòz ou respire pi lou.
- **Pwoteje moun ki pi vilnerab yo:** Moun k ap okipe timoun yo, granmoun aje yo ak moun ki gen opresyon yo ta dwe sitou fè atansyon. Lè AQI a wo, asire w ke ou limite aktivite deyò yo pou kenbe yo an sekirite.
- **Pran swen zanmi ki gen kat pat ou yo:** Kenbe pwomnad deyò ak bèt kay ou a kout epi ki ba pou pwoteje yo kont menm iritasyon nen, je, gòj, ak nan poumon ke moun fè eksperyans.

Pou moun ki pase tan deyò, lè kalite lè a pa bon pou lasante, yo rekòmande mete yon mask ki byen adapte. Yon N95 oswa KN95 ap fonksyone pi byen. Gen plis enfòmasyon sou previzyon Kalite Lè Eta Nouyòk la ki disponib [isit la](#). Pou w verifye kalite lè aktyèl lokal ou a, ale sou [www.airnow.gov](http://www.airnow.gov).

[Ensandi forè](#) ki pa kontwole kapab lakòz gwo domaj nan tè a, pwopriyete yo ak lè a. Aktivite imen yo lakòz 95 pousan ensandi nan Eta Nouyòk. Gen anpil etap nou ka pran pou diminye risk ensandi forè yo. Anvan w pwofite yon ti dife deyò, tcheke [Kat Jewografik Danje Ensandi](#) pou zòn ou an epi li sou [règ Eta Nouyòk konsènan boukan dife ouvè](#). Prevansyon ensandi forè an premye pral ede kenbe lè nou an pwòp epi fasil pou respire alavni.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)